


**Xasiidag (XAALUU LIYARKAN)**

1- Nee ñu ma demal ci wuur yi, kon dinga am neexal yu duun yu la man a doy sëkk.
2- Nee naa leen, man Yàlla doy na ma te doyloo naa ko, lu dul xam-xam ak diine amuma ci soxla.
3- Yaakaaruma ku dul Yàlla, ragaluma ku dul Yàlla, ndax moom moo may jox lu ma doy sëkk te moo may musal.
4- Naka laay féetalee samay mbir, nit ñoo xam ne seen mbiri bopp sax manu ñu koo lijjanti, lott nañu ci ni ay miskiin.
5- Walla sax bëgg alali àdduna rekk, naka la may yóbbee may dem di dëkkaale ak nit ñoo xam ne seen kër ya mooy fowukaayu saytaane.
6- Man bu ma jàqee walla ma am aajo Yàlla miy boroom Aras laa koy diis.
7- Yàlla mooy dimbalikat bi nga xam ne, dara tëwu ko, lu ko soob lu mu man a doon, loolu daal di am.
8- Moom Yàlla, bu bëggee def dara leegi nii da koy def, bu ko neexe it mu xaar ba waxtu wu ko soob.
9- Yaw mi may yedd man nga koo tàyyi, bàyyil yedd yi, ndax man ñàkk daray àdduna defu ma jafe-jafe.
10- Bu dee samay sikk, mooy wan ginnaaw alali àdduna, haa loolu dey sikk su gànjaru (Riche) la joo xam ne duma jaaxal mukk.

<u>Moor Suraŋ</u>